

## SÈTIFIKASYON LOKATÈ DE ELIJIBILITE POU ASISTANS AK LWAYE POU Pwogram Subsidized Housing Emergency Rental Assistance (SHERA) la

### PATI 1: ENFÒMASYON AK ELIJIBILITE SOU KÒ KAY KI ASISTE A

Non Pwopriyete a	Adrès Bilding lan	No Inite Lokatè ("Inite" a)
Vil / Komin	Kòd Postal	
Non Lokatè a (Tèt Kò Kay la)	Dat Nesans Lokatè a (mm/dd/yyyy) / /	Dènnye kat chif SSN* <i>*Si w pa genyen, ou <u>pa</u> bezwen yon SSN pou aplike pou asistans.</i>
Imèl	Telefòn ( )	XXXX – XX –

#### Enfòmasyon sou Tèt Kò Kay la:

- ⇒ **Èske w gen difikilte konprann lang anglè?**
- Wi  
 Non
- ⇒ **Èske anglè se lang prensipal ou?**
- Wi  
 Non, lang prefere mwen se:
- ⇒ **Ki ras ou?**
- Endijèn Ameriken oswa Natif Alaska  
 Azyatik oswa Zile Pasifik  
 Nwa oswa Afwo-Ameriken  
 Blan  
 Lòt  
 Mwen chwazi pou m pa repòn
- ⇒ **Èske w gen orijin Panyòl?**
- Wi  
 Non  
 Mwen chwazi pou m pa repòn
- ⇒ **Ki sèks ou?**
- Fi  
 Gason  
 Non-binè  
 Mwen chwazi pou m pa repòn
- ⇒ **An plis de resevwa avi alekri sou estati demann ou, èske w vle resevwa mizajou nan imèl oswa ak tèks SMS?**
- Wi, sou nimewo telefòn mwen te bay  
 Non, tanpri voye avi pou mwen pa lapòs sèlman  
 Wi, sou imèl mwen te bay
- ⇒ **Moun ki siyen anba a sètifye pa prezant lan ke (koche tout sa ki aplikab yo):**
- Mwen parèt kòm yon lokatè oswa sou-lokatè sou kontra ki ekri a pou Inite a  
 Inite a se rezidans prensipal mwen (kote mwen viv tout tan oswa majorite nan tan an)  
Nan nenpòt moman depi 1e avril 2020, poutèt swa dirèkteman oswa endirèkteman, pandemi COVID-19 lan, mwen menm oswa yon lòt moun nan kò kay mwen te:
- kalifye pou benefis asirans chomaj;  
 pèdi revni;  
 genyen depans ki te ògmante; ak/oswa  
 genyen lòt difikilte finansye. Eksplike brèfman: \_\_\_\_\_
- Mwen menm oswa yon lòt moun nan kò kay mwen te an chomaj pandan omwens dènnye 90 jou yo

## PATI 2: SÈTIFIKASYON ak KONSANTMAN KÒ KAY LA

- Mwen dwe lwaye ki te dwe depi avril 2020 oswa pita.
- Mwen sètifye sou lapèn fo sèman ke tout enfòmasyon ak repons pou kesyon sa yo vre ak konplè dapre tout konesans mwen.
- Mwen sètifye ke si mwen resevwa fon nan kèlkeswa lòt sous pou menm lwaye ki peye ak Subsidized Housing Emergency Rental Assistance (“SHERA”), mwen pral notifiye mèt kay mwen imedyatman epi fè pi bon efò pou asire nou remèt fon yo nan youn nan sous yo.
- Mwen konsanti ke mèt kay mwen oswa yon lòt moun ki otorize pa mèt kay mwen kapab aplike pou SHERA pou mwen pou peye lwaye an aryè ki elijib mwen dwe nan moman aktyèl la, ak pou lwaye an aryè ki elijib ke mwen ka dwe nan fiti a.
- Mwen konsanti epi mwen dakò ke tout enfòmasyon ki nesèsè pou trete yon demann pou asistans sa a yo kapab pataje li avèk mèt kay mwen ak manadjè pwopriyete a, The Commonwealth of Massachusetts Department of Housing and Community Development (“DHCD”), the Massachusetts Housing Finance Agency (“MassHousing”) oswa Massachusetts Housing Partnership (“MHP”), osi byen ke lòt moun oswa ajans ki genyen kontra avèk swa DHCD, MassHousing oswa MHP pou ede trete demann pou asistans.
- Mwen konprann ke si MassHousing oswa MHP (oswa ajan pa yo), ajans Federal ki bay prim yo, oswa yon ajans ki fè odit twouve mwen te resevwa yon move peman poutèt fo enfòmasyon oswa malreprizantasyon mwen te bay nan sètifika sa a oswa sou demann mwen, mwen ka oblije remèt kèk oswa tout asistans DHCD, MassHousing, MHP, oswa mèt kay mwen bay.
- Mwen konprann ke se yon krim pou bay manti oswa bay fo enfòmasyon nan sètifika sa a oswa sou demann mwen. Epi tou mwen konprann yo ka refize demann mwen si mwen te fè deklarasyon ki pa vre oswa presi.

*Tape non w nan kare siyati a anba a vle di w ap siyen dokiman sa a elektwonikman. Yon siyati elektwonik pòte menm siyifikans, validite, ak efè ak yon siyati alekri.*

---

**Siyati Tèt Kò Kay la**

---

**Dat**